# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु, महान गुरु




लेखक: Edward Hughes

अनुवादकः सुरेश मसीह

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.


कहानी 42 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







यीशु बहुत कुछ सिखवलन। उ कहलन कि जइसे मोमबत्ती एगो घर के रोशनी प्रदान करे ला वइसे ही परमेश्वर क लोग भी जगत क ज्योति हउवन। एगो मोमबत्ती अनहरिया कमरा में का फर्क पैदा कर सके ला?
3
लोग कहे लें, "आंख की बदले आँख अउर दाँत की बदले दाँत" परन्तु यीशु दया, क्षमा, प्रेम ईहाँ तक की शत्रु से भी प्रेम करे के सिखवलें।
4
'यीशु मसीह की दिन में, कुछ लोग बहुत पवित्र होखला के ढोंग करत रहलनें। जब उ लोग भिखारी लोग के पइसा देवें तब, उ लोग तुरही बजवावें ताकि सब लोग उनके देंखे।
5
यीशु कहलन, "आपन दान गुप्त में दिहल करिहअ, तब परमेश्वर तोहके प्रतिफल दिहन।"
6
यीशु, प्रार्थना की बारे में भी अइसने सिखवलन। कुछ लोग व्यस्त सड़क की कोना पर प्रार्थना करत रहलें ताकि सब केहु देखे अउर ओ लोगन के सुन सके।
7
उनकी बारे में दूसर लोग का सोचत बाने, केवल ओकरी बारे में ही परवाह रहल। यीशु उन सबके कपटी – अउर झूठा अगुवा बतवलें।
8

यीशु अक्सर अपनी उपदेशन क व्याख्या करे खातिर प्रकृति क उदहारण दिहल करत रहलन। उदाहरण की खातिर, उ पक्षियन की ओर इशारा कइलन।



9

उ कहलन,"तोहन लोगन क स्वर्गीय पिता उन सब के खियावे लें" "चिंता मत करीं जा, परमेश्वर तोहन लोगन के भी खियाइहन।"



10

यीशु सीखावल जारी रखलें, "ईहां तक कि अमीर राजा सुलैमान भी अपनी सब वैभव में ओ में से कवनो सोसनन की समान कपड़ा ना पहिनले रहलन।"



11

"यदि परमेश्वर मैदान की घास के अइसन बस्त्र पहिना सकत बाड़न, त का उ आप लोगन के ना पहनईहन?" यीशु लोगन के परमेश्वर पर सब जरूरतन की खातिर पूरा बिस्वास अउर भरोसा करे के सिखावत रहलन।



12

यीशु कहलन, "जब तू अपनी भाई क न्याय करे लअ, तब अइसन होला कि तू अपनी भाई की आँख क तिनका निकाले क कोशिस करे लअ जबकि अपनी ही अपनी आँख क लठ्ठा ना लउकेला।" लोग उनकरी पर कुड़कुड़इलें। लेकिन उन सबके एकरी मतलब की बारे में सोचे के पड़ल।



13



यीशु सिखवलन कि मदद की खातिर लोगन के परमेश्वर से बिनती करे के चाहीं। जब भूखल लड़का रोटी मांगे लें तब का सांसारिक पिता उनके पत्थर दे लें? नाहीं! उ उनके बढियां वस्तु ही देलें। त परमेश्वर भी अपनी मांगे वालन के बढ़ियाँ चीज़ ही देलन।

14













यीशु, महान गुरु

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती 5-7, लूका 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

**ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।**

**ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।**

**यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ । हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।**

**हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !**